

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina pangajaran basa aya opat kaparigelan nya éta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), kaparigelan nyarita (*speaking skills*), kaparigelan maca (*reading skills*), jeung kaparigelan nulis (*writing skills*). Ku kituna cara makéna basa bisa ngaliwatan dua média nya éta lisan jeung tinulis. Ngaliwatan média lisan ngawengku kaparigelan ngaregepkeun jeung kaparigelan nyarita, sedengkeun ngaliwatan media tinulis ngawengku kaparigelan maca jeung kaparigelan nulis. Tangtuna waé opat kaparigelan éta silih mangaruhan dina prosés pangajaran basa.

Maca mangrupa kagiatan anu kawilang penting dina kagiatan diajar. Sabab maca konci hasilna prosés diajar. Tapi nepi ka kiwari maca can jadi kagiatan anu dipikabutuh ku siswa. Malahan mah bisa disebutkeun minat jeung karep siswa kana maca téh masih kurang.

Nilik kana kaayaan kayaning kitu tangtu waé nimbulkeun kahariwang para pendidik. Salasahiji kagiatan diajar nu teu bisa leupas nya éta maca. Maca nya éta prosés nu dilakukeun ku pamaca pikeun maham kana eusi atawa ma'na nu aya dina bacaan. Rupa-rupa maca dina kagiatan diajar diantarana; maca bedas, maca ngilo, maca talaah eusi, maca talaah basa, jeung maca pamahaman.

Maca pamahaman nya éta hiji kagiatan nu tujuanna pikeun meunangkeun informasi nu leuwih teleb kana naon nu dibaca. Numutkeun Suhendar (1997: 27), maca pamahaman nya éta maca bahan bacaaan ku cara nyangkem pokok-pokok pikiran nu diungkabkeun pangarang nepi ka méré kasugemaan ka nu maca.

Biografi nya éta katerangan ngeunaan kahirupan hiji jalma, sarta eusi biografi biasana leuwih kompleks lain saukur tanggal lahir jeung data-data pagawéan hiji jalma. Biografi ogé nyaritakeun ngeunaan perasaan nu kalibet kana pangalaman kajadian-kajadian nu tangtu.

Biografi nya éta hiji wacana nu eusina ngeunaan riwayat hirup hiji jalma anu biasana nyaritakeun kajadian-kajadian nu kaalaman dina kahirupan saurang tokoh.

Lytton Strachey méré sawangan yén biografi nya éta gambaran kana hiji kahirupan, jeung sarat utamana dina biografi nya éta kudu saujuratna. (<http://id.shvoong.com/humanities/theory-criticism/2165751-pengertian-biografi-menurut-Lyton>)

Kaparigelan maca biografi ieu kaasup salasahiji bahan pangajaran di sakola-sakola hususna pikeun siswa SMA kelas XI. Lian ti éta biasana kurangna minat siswa pikeun maca lantaran kurangna pamahaman kana eusi wacana. Tampubolon (1987: 6) nétélakeun yén kamampuh maca hiji jalma dina narima lambang-lambang tulisan diperlukeun kamampuh motoris nu mangrupa gerak-gerikna mata, sarta dina kagiatan maca ieu nya éta ngabutuhkeun ayana kagiatan mikir atawa nalar nu kaasup daya inget. Ku kituna sangkan siswa leuwih bisa maham kana eusi wacana sarta siswa teu ngarasa bosén kana eusi wacana ngeunaan biografi perlu ngagunakeun modél pangajaran supaya dina prosés pangajaran henteu monoton.

Modél pangajaran nya éta hiji rarancang anu digunakeun pikeun prosés pangajaran di jero kelas sangkan tujuan prosés pangajaran bisa kahontal nu ngawengku materi pangajaran, buku-buku, media, jsté. Modél pangajaran ieu dina prosés diajar ngajar henteu bisa dileupaskeun tina kagiatan pendidikan jeung pangajaran, sabab bisa mantuan guru dina nepikeun pangajaran sarta bahan pangajaran bisa katarima jeung dicangkem ku siswa.

Modél pangajaran mangrupa pola atawa rarancang pangajaran nu bisa méré *fasilitas* ka siswa pikeun meunangkeun informasi, gagasan, kaparigelan, ajén-ajén, jeung cara mikir sarta ngarojong siswa sangkan bisa nerapkeun hiji strategi anu awor (Rahman&Sudaryat, 2009: 5).

Modél pangajaran *The Learning Cell* nya éta modél pangajaran nu museur kana hiji bentuk diajar kooperatif dina wangun papasangan, nya éta aya siswa nu nanya jeung nu ngajawab patalékan sacara bagilir dumasar matéri bacaan nu sarua.

Ulikan pangajaran ngeunaan ‘penerapan’ modél *The Learning Cell* dina kaparigelan maca, di Jurusan Pendidikan Basa Daerah nepi ka kiwari acan aya nu nalungtik. Aya ogé nu kungsi nalungtik “Model Pangajaran Timbal-Balik

(*Reciproca Teaching*) pikeun Ningkatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Artikel“ skripsi Leny Lestari,2011) anu ngadéskripsikeun panalungtikan tindakan kelas ka siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2010/2011 anu hasilna téh bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa kana artikel. Salian ti Leny Lestari aya oge skripsi anu ditulis ku Irma Nuraisyah (2010) nu judulna Kamampuh Maca Carpon Siswa Kelas X-8 SMA Negeri 1 Cicalengka Kab. Bandung Taun Ajaran 2009/2010. Éta skripsi eusina medar unsur-unsur intrinsik nu aya dina carpon.

Ku kituna salasahiji pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman nya éta ngagunakeun modél *The Learning Cell*. Modél *The Learning Cell* dina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngungkulan masalah anu karandapan ku siswa, sarta bisa ngaronjatkeun motivasi jeung hasil diajar. Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu judul panalungtikan nya éta “Modél *The Learning Cell* dina Pangajaran Maca Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan Modél *The Learning Cell* dina pangajaran maca biografi. Anapon masalah nu dipaluruh dina ieu panalungtikan diwatesan, nya éta kamampuh maca pamahaman biografi siswa kelas XI IPA2 SMA Negeri 13 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh maca biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell*?

- 2) Kumaha kamampuh maca biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell*?
- 3) Naha aya bédana kamampuh maca biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell* ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung pedaran di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nya éta mikanyaho modél pangajaran *The Learning Cell* dina pangajaran maca biografi ka siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar ngeunaan:

- 1) kamampuh maca biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell*.
- 2) kamampuh maca biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell*.
- 3) aya bédana maca biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran *The Learning Cell*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mikanyaho kaéféktivana modél *The Learning Cell* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung. Tina hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kana kréatifitas guru dina nepikeun pangajaran sarta bisa ngamotivasi siswa jeung nambahan kaparigelan dina maca hususna kana diajar basa sunda. Lian ti éta bisa ngarojong kana panalungtikan nu séjénna.

1.4.2 Manfaat Praktis

Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa méré informasi pikeun guru, modél pangajaran nu kumaha nu cocok pikeun pangajaran maca biografi, sarta bisa jadi bahan evaluasi pikeun pangajaran basa sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Skripsi anu ngawengku lima bab ieu ngagunakeun raraga tinulis saperti ieu di handap:

Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan jeung watesan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, raraga tinulis.

Dina bab II dipedar ngeunaan wangenan modél pangajaran *The Learning Cell*, wangenan maca, tujuan maca, aspék-aspék maca, warna maca, kamampuan maca pamahaman, wangenan biografi, ciri-ciri biografi, rupa-rupa biografi, mangpaat biografi, anggapan dasar, hipotésis.

Dina bab III dipedar ngeunaan lokasi panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, variabel panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, prosedur panalungtikan.

Dina bab IV dipedar ngeunaan déskripsi jeung hasil panalungtikan maca pamahaman biografi ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell* di kelas XI IPA2 SMA Negeri 13 Bandung.

Dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran pikeun ka panalungtik jeung ka unggal pihak nu patali jeung ieu panalungtikan.

Lampiran-lampiran nu aya dina ieu skripsi diantara Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), kisi-kisi soal tés penalungtikan, soal tés pemahaman bacaan pratés, soal tés pemahaman bacaan pascatés jeung lembar jawaban siswa hasil pratés jeung pascatés.